



YON GID POU DEVLOPMAN TIMOUN PITI, DEPI YO FÈK FÈT JISKA LAJ SENK AN



## ÈD POU PARAN... Seri an

Depatman Edikasyon Leta Maryland pibliye yon seri Manyèl èd pou paran ki kouvri yon pakèt domèn devlopman konpetans.

- LIV 1, Èd pou Paran: **APÈSI**
- LIV 2, Èd pou Paran: **Kominikasyon**
- LIV 3, Èd pou Paran: **Konesans**
- LIV 4, Èd pou Paran: **Sosyalizasyon**
- LIV 5, Èd pou Paran: **Devlopman Mis Motè**

Pou yon sèl manyèl oswa pou tout seri ÈD POU PARAN an, kontakte Maryland State Department of Education, Division of Special Education/Early Intervention Services, Early Childhood Intervention and Education Branch, 200 W. Baltimore Street, 9th floor, Baltimore, MD 21201; 410-767-0261 Telefòn; 1-800-535-0182 Nimewo Gratis; 410-333-8165 Faks.

PARENT HELPER (ÈD POU PARAN), Dwadotè 2000 – Depatman Edikasyon Leta Maryland. Adapte apati Manyèl Resous MSDE an: Handicapped Children, Birth Through Five, 1980, 1982. Tout dwa rezève.



---

## Tab dè Matyè

Entwodiksyon.....	2
Modèl pou Devlopman .....	3
Dat Enpòtan nan Devlopman .....	3
Pwosesis Dekouvèt la.....	9
Ou Kapab Ede Pitit Ou Aprann .....	10
Premye Anviwonman Aprantisay Pitit ou an.....	10
Aktivite yo Sijere —	
Pou Tibebe .....	11
Lè Li Pare pou Eksplore.....	11
Lè Li Pare pou Itilize Men Li.....	11
Ankouraje Devlopman Pitit Ou.....	13
Modèl Aktivite pou Aprann .....	14



## **Entwodiksyon: Seri Manyèl ÈD POU PARAN**

Antank paran, ou se granmoun ki pi enpòtan nan lavi pitit ou an. Byen anvan pitit ou an vini gen laj pou ale lekò, li ap aprann nan bouch ou. Li va aprann lè l'ap gade ou, lè li ap jwe avèk ou epi lè ou ap ba li swen.

Manyèl èd pou paran yo fèt pou ede ou kore devlopman pitit ou an. Chak manyèl genyen yon fich Dat Enpòtan nan Devlopman ki pral ede ou evalue devlopman pitit ou an nan diferan etap. Chak etap ofri aktivite ak sijesyon pou sipòte epi ankouraje pwogrè ansanm ak eksplorasyon pitit ou ap fè. Epiou chak etap bay sijesyon pou devlope kolaborasyon avèk swen bonè ak founisè edikasyon ki ap travay pou ede pitit ou reyalize tout potansyèl li.

Anpil nan sijesyon ki nan Manyèl èd pou paran soti nan men paran. Gen lòt sijesyon founisè yo itilize san pwoblèm. Epiou menmsi yo sijere yon seri etap nan chak nivo devlopman, ou ka bezwen chanje kèk aktivite pou satisfè bezwen pa pitit ou an.

Ou se premye pwofesè pitit ou an. Lè ou itilize enfòmasyon ou jwenn nan manyèl ÈD POU PARAN yo, yo espere ou pral obsève pitit ou an avèk yon nouvo pèspektiv nèt epi ede li dekouvri » lemonn.

## Soti Isit ale Lòtbò... Modèl Nòminal pou Devlopman Kay Timoun Piti

Nan pwosesis devlopman an, chak nouvo konpetans ap konstwi sou sa li te deja aprann. A twa mwa daj, yon timoun kapab kouche sou do li epi voye pye li anlè. A nèf mwa, menm timoun sa a kapab rale atè sou vant li. Epi lè li vin gen 24 mwa, li kapab kouri nan tout yon pyès san li pa tonbe.

Voye pye, rale atè epi kouri, tout sa mande devlopman gwo mouvman – youn nan domèn devlopman ki nan fich **Dat Enpòtan nan Devlopman ÈD POU PARAN** sa yo.

**Konesans:** konnen, panse, konsyan

**Kominikasyon:** pale lang lan

**Gwo Mouvman:** devlopman gwo mouvman

**Mouvman Fen:** devlopman ti mouvman

**Èd pou Kont li:** li degage li pou kont li

**Sosyal:** konsyans pa li, repons ba lòt moun

Fich **Dat Enpòtan nan Devlopman** an prezante modèl nòminal pou kwasans ak devlopman kay timoun piti. Pandan ou ap obsève devlopman pitit ou an, sonje pa genyen de timoun ki menm jan, kidonk pitit ou an kapab devlope nan yon vitès diferan pase sa yo sijere la a.

### Konesans

- Li gade yon bagay oswa yon moun
- Li swiv mouvman men ak zye li
- Li reyaji pozitif ak son li abitye tande
- Li reponn a nouvo son avèk mouvman li oswa avèk vwa li

### Kominikasyon

- Li fè ti son nan gòj li
- Li byen eksprime son woulan, li fè son vwa
- Li souri lè li tande vwa manman li
- Li reponn ak son bouch ba yon moun li konnen

0



a



3



mwa



### Gwo Mouvman

- Li woule yon bò sou do li
- Li kenbe tèt li byen dwat
- Li souke men li epi voye pye lè li kouche sou do
- Li tounen tèt li toulède bò lè li kouche sou vant li oswa sou do li

### Èd pou Kont Li

- Li demontre li ka vomi
- Li demontre li ka souse
- Li ouvri bouch li epi souse boutèy oswa tete








### Sosyal

- Li dosil lè yo soulve li
- Li renmen yo chatouyèt li epi karese li
- Li renmen aktivite fizik
- Li fikse je manman li pou yon ti tan lè li ap tete
- Li souri natirèlman oswa lè yon moun li konnen souri ba li, pale ak li oswa touche li

# Dat Enpòtan nan Devlopman

<b>Konesans</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li rekonèt manman li</li> <li>• Li imite son woulan</li> <li>• Li imite aksyon sou bagay</li> <li>• Li jwenn bagay ki kache amwatye</li> <li>• Li gade men ak bagay lè li ap kenbe yo</li> <li>• Li itilize mouvman oswa son pou li kontinye yon jwèt</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li reponn lè yo rele li</li> <li>• Li dekouvri jwèt ki kache amwatye</li> <li>• Li imite jès ki senp li abitye ak yo tankou souke yon jwèt</li> <li>• Swiv yon bagay ki tonbe</li> </ul>
<b>Kominikasyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li kriye yon lòt jan dapre estimilasyon diferan</li> <li>• Li tounen tèt li pou li wè son ak vwa</li> <li>• Li pwononse gwoup son, li kòmanse gazouye</li> <li>• Li reyaji ak vwa moun ak son pa li oswa mouvman li</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li souri lè li tande vwa manman li</li> <li>• Li fè son woulan, li pwononse son</li> <li>• Li fè ti son ki soti nan gòj li</li> <li>• Li reponn a yon moun li konnen</li> </ul>
<b>Gwo Mouvman</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li woule sot sou vant li pou kouche sou do</li> <li>• Li eseye touche pye li pou mete yo nan bouch li</li> <li>• Li redi pouse lè li atè, li leve tèt li ak pwatrin li</li> <li>• Souleve anch li ak pye li lè li kouche sou vant li</li> <li>• Li redi chita pou kont li; li chita pou kont li pou yon ti tan</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li leve tèt li lè li kouche sou do</li> <li>• Li woule soti sou do ale sou vant li</li> <li>• Li sipòte pwa li lè li kanpe</li> <li>• Li chita san sipò epi li chache sezi jwèt</li> <li>• Li kenbe ekilib li sou men li ak sou jenou li</li> <li>• Li rale mache sou vant li atè</li> </ul>
<b>Mouvman Fen</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li frape jwèt lè li ap jwe</li> <li>• Li itilize dwèt li ak platmen li pou kenbe bagay</li> <li>• Li kenbe bagay dirèkteman devan li ak de men li</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li bat bravo ak de men li</li> <li>• Li kenbe yon kib lè yo ba li yon lòt</li> <li>• Li vire ponyèt li pou manyen jwèt oswa bagay</li> <li>• Li kenbe yo ak dwèt pous li ak bòkote dwèt endèks li</li> <li>• Li transfere bagay sot nan yon men al nan yon lòt</li> </ul>
<b>Èd pou Kont Li</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li manje manje tibebe nan kiyè</li> <li>• Li chache kenbe epi li kenbe boutèy</li> <li>• Li ap tann tete avèk anpil ajitasyon</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li manyen ti bouche manje</li> <li>• Li kòmanse fè mouvman mastike</li> <li>• Li chache kenbe epi li kenbe boutèy</li> <li>• Li bwè nan yon tas lè yo ede li</li> <li>• Li kenbe, mòde epi mastike manje mou</li> </ul>
<b>Sosyal</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li remake etranje</li> <li>• Li renmen jwèt fizik</li> <li>• Li ri fò souvan</li> <li>• Li montre li kontan oswa pa kontan ak vwa li</li> <li>• Li pwoche imaj li nan yon glas</li> <li>• Li kriye lè yo kite li pou kont li oswa lè yo mete li atè</li> <li>• Li montre li konnen kote li pa abitye</li> </ul>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li jwe jwèt tankou “jwèt kachkach”</li> <li>• Li reyaji ak kè kontan devan pwòp imaj li nan glas</li> <li>• Li jwe pou kont li pou ti tan</li> <li>• Li eksprime kè kontan lè yo jwe ak li</li> <li>• Li montre li pa kontan lè yo wete bagay li</li> <li>• Li konprann epi byen reyaji a siy sosyal tankou souri ak ton vwa moun</li> </ul>




<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li jwe jwèt senp, tankou chante pou timoun</li> <li>• Li jwe wòl oswa jwe ak jwèt oubyen bagay ki vizib</li> <li>• Li deplase pou touche yon bagay li vle</li> <li>• Li gade imaj nan liv</li> <li>• Li touche granmoun oswa bagay pou jwenn yon aksyon</li> </ul>	<p>9</p> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li mete yon fòm kòrèk nan yon plato fòm objè bagay</li> <li>• Li itilize zouti tankou yon baton pou gen bagay</li> <li>• Li rekonèt fòm sou yon katon jepasyans</li> <li>• Li imite son ak jès li pa abitye wè</li> <li>• Li imite omwen yon jès nan figi moun</li> <li>• Li lonje dwèt sou yon bagay yo di oswa li vle</li> </ul>	<p><b>Konesans</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li repete chante timoun; li fè babay ak men li</li> <li>• Li imite touse, klake lang, fè ti ba</li> <li>• Li sispann aktivite lè yo di li “non”</li> <li>• Li repete sa granmoun di</li> <li>• Li konprann kèk mo ak kèk jès</li> <li>• Li itilize jagon oswa pale pou kont li san enpòtans</li> <li>• Li repete nouvo mo</li> </ul>	<p>a</p>  <p>12</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li souke tèt li debò pou di “non”</li> <li>• Li itilize premye mo li pou kont li</li> <li>• Li itilize yon mo pou ekprime like tankou “lèt”</li> <li>• Li swiv lòd senp</li> <li>• Li fè aksyon yo mande li</li> </ul>	<p><b>Kominikasyon</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li rale glise sou men ak jenou li</li> <li>• Li redi kanpe, pandan li ap apiye sou sipò ki estab</li> <li>• Li chita apre li te kanpe avèk èd moun epi pou kont li</li> <li>• Li mache pandan li ap apiye sou mèb</li> <li>• Li mache ak sipò</li> <li>• Li pa bezwen sipò epi li kanpe pou kont li</li> </ul>	 <p>mwa</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li rale monte eskalye</li> <li>• Li mache san li pa apiye sou mèb</li> <li>• Li rale desann eskalye pa bak</li> <li>• Li kanpe pou kont li nan mitan atè</li> <li>• Li mache pa bak epi sou kote</li> <li>• Li monte eskalye ak yon grenn men</li> <li>• Li redi kanpe pou kont li</li> </ul>	<p><b>Gwo Mouvman</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li itilize dwèt endèks li pou kont li</li> <li>• Li fè mak sou papye ak kreyon oswa kreyon koule</li> <li>• Li kenbe bagay ak dwèt li ak pous li</li> <li>• Li pèfore bagay ak dwèt endèks li</li> <li>• Li frape kiyè oswa tas</li> </ul>	 <p>12</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li mete kib nan yon tas</li> <li>• Li itilize toulède men li pou fè menm aksyon</li> <li>• Li kenbe kreyon epi li fè madigrìdji sou papye</li> <li>• Li mete yon blòk sou tèt yon lòt</li> <li>• Li konstwi yon tou ak twa oswa kat kib</li> </ul>	<p><b>Mouvman Fen</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li sispann bave</li> <li>• Li niche manje nan asyèt oswa nan debò bouch li</li> <li>• Li manje ak dwèt li pou yon ti pati manje</li> <li>• Li nòmalmen sevre pou lèt tete oswa nan boutèy</li> <li>• Li bwè nan tas epi li fè likid koule nan bouch li</li> </ul>	<p>a</p>  <p>18</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li ranmase yon tas epi li bwè</li> <li>• Li manje ak kiyè san li pa kite manje tonbe</li> <li>• Li wete rad senp lè yo mande li</li> <li>• Li koopere nan abiye ak mouvman janm li</li> <li>• Li siyale kouchèt li mouye oswa sal</li> </ul>	<p><b>Èd pou Kont Li</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li ri fò lè li ap jwe ak granmoun</li> <li>• Li reyaji ak chanjman tanperaman granmoun</li> <li>• Li reyaji tanporèman lè yo di li “non”</li> <li>• Li montre li pito yon jwèt pase yon lòt</li> </ul>	 <p>mwa</p> 	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li pran kèk desizyon pou tèt li</li> <li>• Li repete yon zak ki fè moun ri</li> <li>• Li bay afeksyon swa avèk tiba oswa akolad</li> <li>• Li montre konpòtman emosyon spesyal tankou lapè, kè kontan ak kolè</li> </ul>	<p><b>Sosyal</b></p>



# Dat Enpòtan nan Devlopman

<b>Konesans</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li mete twa fòm kòrèk sou yon plato fòm objè</li> <li>• Li idantifye pati pwòp kò li</li> <li>• Li la nan chante lekòl matènèl</li> <li>• Li lonje dwèt sou foto nan yon liv lè yo mande li sa</li> <li>• Li imite son, mo oswa mouvman kò</li> <li>• Li jwenn bagay apati gid vizyèl dirèk</li> <li>• Li aktive bagay dirèkteman</li> </ul>	<b>18</b> ★	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li mete senk fòm kòrèk sou yon plato fòm objè</li> <li>• Li mete ansanm menm bagay</li> <li>• Li renmen ti istwa epi li dekri imaj senp ki nan liv imaj</li> <li>• Li montre sans posesyon avèk fraz tankou “sa se pa mwen” epi “jwèt mwen”</li> <li>• Li rekonèt tèt li nan glas</li> </ul>
<b>Kominikasyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li di non li</li> <li>• Li itilize de mo pou dekri aksyon</li> <li>• Li swiv enstriksyon vèbal</li> <li>• Li tilize posesif de mo tankou “Machin papa”</li> <li>• Li itilize yon mo pou dekri anpil menm bagay</li> </ul>	<b>a</b> ♥ <b>24</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li patisipe nan chante ak kadans</li> <li>• Li itilize pwòp non li; li di tout non li</li> <li>• Li itilize fraz ki gen twa mo</li> <li>• Li itilize mo “ non” kòm sadwa</li> <li>• Li poze kesyon nan bon jan ton</li> <li>• Li egzekite lòd an de etap</li> <li>• Li itilize pliryèl regilye</li> </ul>
<b>Gwo Mouvman</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li desann eskalye avèk èd</li> <li>• Li ponpe sou plas</li> <li>• Li pouse epi rale yon bagay leje</li> <li>• Li chita dirèkteman nan yon ti chèz</li> <li>• Li kouri nan tout yon pyès san li pa tonbe</li> <li>• Li kanpe sou yon pye pou yon ti tan</li> <li>• Li ranmase yon jwèt atè lè li kanpe</li> </ul>	<b>★</b> <b>mwa</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li monte desann eskalye pandan li ap apiye sou ranp la</li> <li>• Li kouri, ponpe epi shoute balon san okenn èd</li> <li>• Li lanse balon pa anlè</li> <li>• Li monte bisiklèt epi itilize pedal yo</li> <li>• Li rete kanpe sou yon grenn pye</li> <li>• Li monte eskalye avèk èd, epi li chanje pye pandan li ap monte</li> </ul>
<b>Mouvman Fen</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li imite kout kreyon koulè vètikal</li> <li>• Li mete twa fòm sou yon plato fòm objè</li> <li>• Li repwodi fè yon pil kat kib</li> <li>• Li tounen paj liv youn apre lòt</li> <li>• Li manyen yon bagay avèk dwèt li ansanm ak dwèt pous li pou kont li</li> </ul>	<b>24</b> ★	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li pase twa oswa kat pèl nan kòd</li> <li>• Li bati yon tou nèf blòk</li> <li>• Li kòmanse kenbe kreyon koulè kòm sadwa</li> <li>• Li imite kout krayon nan desen orizontal ak vètikal</li> <li>• Li dekoupe oswa fè ti dekoupe avèk sizo ki pa file</li> <li>• Li fini plato fòm objè ki gen senk oswa plis mòso</li> </ul>
<b>Èd pou Kont Li</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li zipe epi dezipe gwo zip</li> <li>• Li eseye mete soulye</li> <li>• Li wete tout rad li san yo pa ede li</li> <li>• Li eseye mete bagay li abitye nan plas yo</li> <li>• Li devlope manje ki vlope tankou biskwit sale</li> <li>• Li sispann aktivite pou fè yon ti kabicha</li> </ul>	<b>a</b> ♥ <b>36</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li chache jwenn pwòp bweson li</li> <li>• Li manje ak kiyè; li kòmanse itilize yon kouto</li> <li>• Twalèt avèk èd, avèk sèlman kèk aksidan ra</li> <li>• Li mete rad senp tankou chapo, pantalon, soulye, ak chosèt epi tout rad; men li pa boutonnen yo</li> <li>• Li lave epi seche men li san èd moun</li> <li>• Li bwose dan li avèk enpe èd</li> </ul>
<b>Sosyal</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li kriye pou yon ti tan lè paran li pa la</li> <li>• Li jwe pou kont li pou yon peryòd long</li> <li>• Li renmen granmoun akonpaye li nan ti mache</li> <li>• Li montre reyaksyon pozitif ak negatif entans</li> <li>• Li vini fristre fasil</li> <li>• Li gen fyète nan fè aksyon</li> <li>• Li prete atansyon ba lòt timoun</li> </ul>	<b>★</b> <b>mwa</b> ♥	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Tanperaman li chanje an repons a reyaksyon lòt moun</li> <li>• Li jwe oswa li travay pou kont li lè li pre lòt timoun</li> <li>• Li kòmanse pwòp aktivite jwèt li; li jwe nan jwèt senp; li eseye tann tou pa li</li> <li>• Li renmen anpil patisipe nan jwèt wòl jwèt avèk lòt timoun</li> <li>• Li mande pou yo li istwa spesayll ba li</li> <li>• Li evite sitiyasyon danjere</li> </ul>










# Dat Enpòtan nan Devlopman

<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li mete de oswa twa koulè ansanm</li> <li>• Li konnen ide tankou gran ak pit, rapid ak lan</li> <li>• Li rakonte yon istwa senp</li> <li>• Li mete imaj menm bagay ansanm</li> <li>• Li konte wòl jiska twa</li> <li>• Li fè diferans nan dimansyon, pwa ak longè</li> </ul>	<p><b>36</b></p> <p>★</p> <p><b>a</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li konnen laj li</li> <li>• Li konnen lajounen ak lanwit</li> <li>• Li site epi mete ansanm kat koulè primè</li> <li>• Li konte 10 bagay</li> <li>• Li mete imaj nan lòd yo parèt</li> <li>• Li reponn kesyon sou istwa yo ap li ba li</li> <li>• Li nonmen twa bagay de memwa</li> </ul>	<p><b>Konesans</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li itilize fraz pifò tan</li> <li>• Li poze kesyon ki kòmanse ak kilè, kisa, oswa ki kote</li> <li>• Li itilize posesif kòrèkteman, tankou “Machin Manman”</li> <li>• Li itilize tan pase regilye, prepozisyon tankou nan, sou, ak anba</li> <li>• Li itilize ton vwa nòma; chichotman</li> </ul>	<p><b>48</b></p> <p>★</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li pale pou atire atansyon sou pèfòmans li</li> <li>• Li egzekte yon seri twa kòman ki pa gen rapò</li> <li>• Li itilize regilyèman pwonon tankou “li”</li> <li>• Li itilize pwonon posesif regilyèman tankou “pa mwen”</li> <li>• Li itilize kontraksyon negatif tankou “pa kapab” ak “pa”</li> <li>• Li itilize kèk advèb</li> <li>• Li itilize tan fiti</li> </ul>	<p><b>Kominikasyon</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li trape yon balon ki rebondi</li> <li>• Li sote annavan san li pa tonbe</li> <li>• Li lanse balon pa anlè</li> <li>• Li monte anlè gliswa epi li glise desann</li> <li>• Li desann eskalye san okenn èd epi li chanje pye pandan li ap desann</li> </ul>	<p><b>mwa</b></p> <p>★</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li twote</li> <li>• Li shoute balon k’ap woule nan yon direksyon presi</li> <li>• Li sote sou chak pye</li> <li>• Li sote sou yon grenn pye</li> <li>• Li trape yon balon yo te voye</li> <li>• Li mache sou pwent pye li sou yon distans 10 pye</li> </ul>	<p><b>Gwo Mouvman</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li pase nan kòd menm pèl ki dezòdone</li> <li>• Li kopye yon sèk</li> <li>• Li dekoupe sou liy nètale epi pou li fini</li> <li>• Li lase soulye li, menm san modèl</li> <li>• Li mete bagay ansanm ki mande kontwòl mouvman fen</li> </ul>	<p><b>48</b></p> <p>★</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li trase yon imaj</li> <li>• Li trase titonton fen</li> <li>• Li demontre ki men li pi alèz</li> <li>• Li kopye fòm tankou sèk, kare, triyang, ak rektang, pa egzanp</li> <li>• Li dekoupe yon sèk ak lòt fòm senp</li> </ul>	<p><b>Mouvman Fen</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li siye likid ki ap koule</li> <li>• Li itilize fouchèt lè li ap manje</li> <li>• Li otonòm nèt nan watè</li> <li>• Li abiye pou kont li nèt lè yo di sa pou li fè</li> <li>• Li boutonnen epi deboutonnen pi gwo bouton</li> <li>• Li lave epi seche men li pou kont li</li> <li>• Li bwose dan li si yo mande li sa</li> </ul>	<p><b>a</b></p> <p>★</p> <p><b>60</b></p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li mouche nen li pou kont li</li> <li>• Li sèvi tèt li a tab nan bòl san li pa fè anyen koule</li> <li>• Li manje ak kiyè ak kouto trè byen</li> <li>• Li rete asèk leswa</li> <li>• Li fè diferans ant devan ak dèyè rad</li> <li>• Li jwe nan lakou anba siveyans detanzantan</li> <li>• Li kwoke manto sou kwòchèt</li> </ul>	<p><b>Èd pou Kont Li</b></p>
<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li kòmanse jwe nan gwoup epi li rete ap jwe</li> <li>• Li pataje jwèt li si yo mande li sa</li> <li>• Li fè ti komisyon senp</li> <li>• Li jwe ansanm avèk lòt timoun</li> <li>• Li idantifye paran li ak tout konesans li</li> <li>• Li montre senpati ak enkyetid, jan sa konvni</li> <li>• Li renmen ede epi patisipe</li> </ul>	<p><b>mwa</b></p> <p>★</p> <p><b>mwa</b></p> <p>★</p>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li pale pou atire atansyon sou pèfòmans li</li> <li>• Li itilize repons sosyal tankou “tanpri” ak “mèsi”; li leve men li epi li kanpe nan liy</li> <li>• Li pito rete ak ti kanmarad li pase granmoun</li> <li>• Li pale sou fanmi li</li> <li>• Li kontwòle emosyon epi li ekspriye yo yon jan ki akseptab</li> </ul>	<p><b>Sosyal</b></p>



<b>Konesans</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li mete ansanm lo chif de en jiska 10</li> <li>• Li mete nan lòd jiska senk aktivite chak jou</li> <li>• Li rakonte ankò yon ti istwa kout</li> <li>• Li bay adrès kay li</li> <li>• Li konnen men gòch ak men dwat li</li> </ul>	<b>Plis pase</b>  <b>60</b>	<p><b>Pou Timoun Enfim... Yon ti Jès Anplis se Yon Pakèt Afè</b></p> <p>Si ou kwè tibebe ou lan oswa timoun piti ou lan ap pase difikilte nan kèlkeswa domèn devlopman li, sèvis entèvasyon bonè ak sèvis jadendanfan disponib. Sèvis entèvasyon bonè ak sèvis jadendanfan fèt pou ede ou ranfòse potansyèl pitit ou an pou li grandi epi devlope anvan li rive gen laj pou ale lekòl.</p> <p>Pou enfòmasyon sou sèvis entèvasyon bonè ak sèvis jadendanfan, kontakte Depatman Edikasyon Leta Maryland, Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèvasyon Bonè.</p> <p>Epi sonje, menm lè chak timoun bezwen moun ki pasyan pou ede yo grandi epi aprann, timoun enfim kapab mande enpe plis atansyon. Paran yo, edikatè, terapè ak lòt moun dwe travay ansanm tankou yon ekip pou konble li ak lanmou ak sipò li bezwen pandan tout tan li ap aprann lan.</p> 
<b>Kominikasyon</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li rakonte istwa pandan li ap dekri imaj yo</li> <li>• Li mande siyifikasyon mo abstrè</li> <li>• Li pale kou rat epi kòrèkteman, men li toujou konfonn “s,” “f ” ak “th”</li> </ul>	 <b>mwa</b> 	
<b>Gwo Mouvman</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li sote kòd</li> <li>• Li monte paten a woulèt</li> <li>• Li sote de a twa yad annavan sou chak pye apa</li> <li>• Li tonbe sou zòtèy li apri li te sote yon wotè 12 pye</li> <li>• Li kouri ak bra balanse nan sans kontrè ak pye li</li> </ul>		
<b>Mouvman Fen</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li ekri lèt majiskil ak mo senp epi li chanje anpil</li> <li>• Li itilize bon pozisyon men li pandan li ap koupe epi ekri</li> <li>• Li lase pwòp soulye li</li> <li>• Li ekri chif 1 a 5</li> </ul>		
<b>Èd pou Kont Li</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li bwose epi penyen cheve li san èd moun</li> <li>• Li mete jwèt li nan bwat yo</li> <li>• Li abiye epi dezabiye san èd moun</li> <li>• Li travèse lari san danje</li> </ul>		
<b>Sosyal</b>	<ul style="list-style-type: none"> <li>• Li konsole kanmarad an detrès</li> <li>• Li planifye epi byen konstwi</li> <li>• Li konprann nesèsite règleman ak jwèt san koken</li> <li>• Li fè rapò ant lè revèy ak orè aktivite chak jou</li> </ul>		





## **Pwosesis Dekouvèt la...**

### **Kijan timoun Aprann**

#### **Eksplorasyon**

Timoun dekouvri lemonn atravè eksplorasyon. Yo deplase pou eksplòre epi dekouvri nouvo vizay, nouvo kote ak nouvo bagay.

#### **Touche. Goute. Santi. Tande. Wè.**

Timoun fè eksperyans lemonn ozalantou li atravè sans yo. Yo santi vaniy dous, yo goutte biskwit sale, yo touche ti chat dous, yo tande gwo bri epi yo wè ribon koulè vif.

#### **Fè Eksperyans**

Timoun aprann nan fè eksperyans avèk nouvo lide ak atravè 'esè epi erè.' Yo eksperimante lè yo ap itilize yon bagay spesyal nan plizyè jan. Pa egzanp, yon timoun kapab poze blòk youn sou lòt, pouse yo atè tankou yon tren jwèt, oswa frape yo ansanm tankou senbal. Li kapab dekouvri blòk yo sèvi pi byen kòm yon tren jwèt pase yon enstriman mizik.

#### **Imitasyon**

Timoun aprann nan gade ak nan imite lòt moun. Yo devlope nouvo teknik ann obsève dabò epi imite aksyon yo obsève. Lè yo repete aksyon yo imite, sa fini pa fè yo vin maton.

#### **Jwe!**

Atravè jwèt, timoun aprann kijan bagay mache, kijan pou rezoud pwoblèm ak kijan pou fè dekouvèt —tout sa pandan yo ap amize yo!



## Ou Kapab Ede Pitit ou Aprann



Eseye ti egzèsis sa a pou ede pitit ou devlope nouvo teknik.

### **Pase de sa ou konnen a sa ou pa konnen.**

Kite pitit ou an travay avèk sa li deja konnen anvan ou mande li pou li kòmanse yon nouvo bagay. Pa egazanp, ede li kole ansanm pyès yon jedpasyans, apre sa, kite li kole yon nouvo jedpasyans pou kont li. Bay timoun ou an tout endis li bezwen pou li reyisi premye fwa an. Konsa, sa li pa konnen va vini yon defi pou li relve nan jwèt, men se pa yon bagay li dwe pè.

### **Varye aktivite chak jou ou yo.**

Chanje woutin chak jou pitit ou an avèk yon nouvo manje oswa envite zanmi pou manje midi.

### **Asosye aktivite ak tan atansyon kout.**

Kenbe aktivite senp pou asosye ak kapasite pitit ou an pou li konsantre. Si tan atansyon pitit ou an pa lonje nan repete jefò, li kapab bezwen egzèsis espesyal. Ou kapab mande pou pale ak doktè fanmi ou an oswa kontakte biwo Child Find sistèm lekòl lokal ou an pou ou pale sou nenpòt ki enkyetid ou ta genyen sou sa.

### **Konnen byen limit pitit ou an.**

Chanje pozisyon pitit ou an jwe. Mete bagay ak tekti alawotè li. Diminye bri ozalantou li. Siveye byen chanjman tanperaman pitit ou an, sa ki enterese li ak sa li bezwen. Se pou ou reyalize yo dwe kreye amenajman pou timoun ki pa fini gen tout sans yo oswa ki gen mouvman limite.

### **Komplimante jefò pitit ou an.**

Pare ka kote pitit ou an kapab reyisi, epi montre li jan ou kontan dèske li reyisi : ba li akolad, souri ba li oswa ba li ti bonbon. Ede pitit ou an si li vini fristre epi rekonpanse li ak anpil konpliman poutèt li te eseye fè aktivite an.

### **Jwe avèk pitit ou!**

Aprann kapab amizan spesyalman pou timoun pitit! Chwazi aktivite ak jwèt ki koresponn ak nivo devlopman pitit ou an epi ede li amize li pandan li ap aprann.

## **Se pou Fè Kay Ou Vini Premye Kote Pitit Ou An ap Aprann**

Dapre rechèch, tibebe kòmanse aprann depi yo fèk fèt. Kreye yon anviwonman bon jan swen ak estimilasyon kote pitit ou an kapab aprann epi grandi. Anviwonman pou pitit ou an se tout espas, tout bagay ak tout moun ki ap enfluyans lavi li.

Men kèk ide ak aktivite yo sijere pou ou kreye yon anviwonman pozitif pou aprann nan kay. Toujou swiv mezi prekoison sekirite epi si sa nesèsè, pale ak moun ki bay swen bonè pou timoun, pwofesè oswa terapris pou ou sèten aktivite yo konvini pou pitit ou an.

**Sonje: Toujou chwazi aktivite ki konvni pou nivo devlopman pitit ou an.**



Chwazi aktivite ki koresponn ak nivo devlopman pitit ou an epi ankouraje li pwogrese nan yon lòt nivo. Lè ou ap jwe ak pitit ou an, ekri sa li kapab fè pou kont li, sa li kapab fè avèk yon ti èd, anpil èd epitou sa li pa kapab fè menm. Pou aktivite ki mande asistans yo, kenbe nòt sou kantite èd ou bezwen bay.

## AKTIVITE YO SIJERE

### Lè pitit ou an se yon tibebe...

**Fasilite mouvman *tibebe* an.**

Mete tibebe ou lan sou yon tapi oswa sou yon sèvyèt atè an. Asire ou li kapab fè mouvman lib epi san danje. Jwe avèk li. Ankouraje li voye pye epi louver bra li byen gran.

**Touche *tibebe* an pou ankouraje li bouje pati nan kò li an ou ap stimile.**

Soufle sou janm ak bra tibebe ou lan. Fwote janm li ak bra li byen dousman ak men ou. Si li pa bouje lè ou touche li, bouje bra li oswa pye li nan mouvman ou ta renmen li fè an.

**Chanje pozisyon *tibebe* an pou ede li vin abitye ak pi gwo mouvman kò li.**

Mouvman kò prensipal yo devlope anvan yon tibebe kapab itilize men li oswa pye li nèt. Fè li abitye pran yon pakèt pozisyon. Kenbe li nan bra ou. Mete li kouche sou vant li ak sou do li. Mete li kouche sou kote li avèk zòrye solid.

**Bay diferan estimilasyon pou motive Mouvman zye, tèt ak kò li.**

Varye de kò ou itilize pou motive tibebe ou lan. Pa egzanp, kwoke yon jwèt koulè vif ka ap balanse an lè bèso li an. Lè li vin yon ti jan pi gran, mete yon foto senp sou youn oswa toulède bò bèso li an. Chanje souvan pozisyon li nan kay la.

**Estimile sans *tibebe* an.**

Teste tout sans tibebe ou la—touche, gouste, santi, tandè epi wè. Mase pye li nan benwa epi kite li voye pye nan dlo an. Lanse yon boul koulè vif ant de moun ak tibebe ou la nan mitan yo, yon jan pou li kapab swiv mouvman balon an. Kite li santi plizyè teksti eponj, balon kawotchou yo ak bwòs penti yo.

**Gade detanzantan fich Gwo Dat nan Devlopman nan manyèl ÈD POU PARAN an pou ou wè kijan *tibebe* ou lan ap grandi.**

Eksplòre ak tibebe ou la pou wè kijan li ap devlope. Ba li yon pakèt bagay pou ankouraje repons li. Itilize atik tankou ribon koulè ki mare nan poto bèso li, ansanm ak zannimo boure ki gen koulè vif.

### Lè pitit ou pare pou eksplòre...

**Pare egzèsis pou li byen aprann.**

Poze pitit ou an sou kote li nan yon pozisyon ki va pèmèt li woule fasil. Epi ralanti èd ou ofeamezi jiskaske li fin woule nèt pou kont li. Atire atansyon li ak yon jwèt koulè vif.

### **Motive pitit ou an pou li deplase.**

Ou se pi bon moun ki ka motive pitit ou an. Pandan pitit ou an kouche sou vant li, fè fas ak li epi ankouraje li vin jwenn ou. Nan kòmansman, li kapab sèlman pran api sou avanbra li, epi leve tèt gade ou, men li va fini pa bouje toulède bra ak toulède pye li yo pou eseye touche ou.

### **Itilize kiryoziye pitit ou an genyen sou tèt li**

Jwe jwèt devan yon glas ak pitit ou chita sou ou. Pouse li chita oswa mete li kouche sou vant li pou li jwe.

### **Pran avantaj woutin chak jou kòm okazyon pou li aprann.**

Aprè pitit ou an fini benyen, ankouraje li pou li pratike woule: vlope li dousman nan yon sèvyèt oswa yon kouvèti epi tire sou bò sèvyèt la pou li kapab woule yon bò. Lè li ase fò, itilize yon syèj pou li sote oswa yon ban timoun pou li jwe pandan ou ap travay.

## **Lè pitit ou pare pou li itilize men li...**

### **Estimile mouvman men.**

Kite pitit ou eksplòre plizyè mouvman men li ak dwèt li. Ede li vire men li nan ponyèt li, kwaze men li ansanm, kenbe bagay epi lage yo. Ede li kenbe bagay avèk dwèt li.

### **Ankouraje devlopman pratik gwo mouvman ak ti mouvman.**

Aktivite ti mouvman se yon konbinezon plizyè mouvman. Ankouraje pitit ou sezi yon bagay epi fè kichòy ak li, tankou lage li atè, mete li nan yon bagay, souke li, frape li, mete li nan lòt men li. Itilize bagay ki fè bri tankou sak pwa, klòch ak òchèt, epi chanje teksti yo avèk kawotchou, balon an twal, an metal avèk asyèt an kawotchou.

### **Ankouraje devlopman pratik ti mouvman konplèks.**

Ti mouvman ale soti nan sa ki senp pou rive nan mouvman pi konplike—soti nan lage sa li kenbe pou yon mouvman pi dirèk ak yon bagay nan men li. Kenbe yon jwèt bòkote men pitit ou an pi alèz la. Ede li kenbe jwèt la avèk dwèt li. Epi fè li lage jwèt la nan yon veso. Ofamezi tan ap pase, ede li mwens epi itilize veso pi piti. Lè pitit ou an devlope presizyon, li va pare pou mete bagay sou pil. Ofamezi tan ap pase, li pral kapab fè pil blòk ti jwèt pa egzanp epi fè ti boulon rantre nan twou.

### **Ankouraje li eksplòre ak dwèt li.**

Pitit ou an bezwen eksplòre ak dwèt li epi ak bagay li ka kenbe nan dwèt li. Pentire ak dwèt li epi jwe nan dlo se de aktivite ki ka ranfòse sansasyon mouvman. Li kapab fè gwo mouvman anwon swa avèk kreyon koulè oswa kreyon oubyen ankò san sa. Ou dwe ankouraje li fè ti ekri sou papyè. Ou kapab fè li kòmansè fè mouvman kounyeya. Annik asire ou itilize bwòs gwo manch ak gwo kreyon koulè ak gwo kreyon.

### **Ankouraje li itilize pous li ak dwèt li pou li fini fè aktivite ti mouvman ki konplèks.**

Itilize boul “finger pops” oswa ti jwèt an kawotchou ki ap grense. Ankouraje pitit ou an imite jan ou ap kenbe jwèt la. Ofamezi pitit ou an ap vin kenbe pi byen, (nòmalman lè li pre ane jadendanfan), li va pare pou aktivite dekoupay. Li va kapab toudabò dekoupe, menmsi li pa byen swiv liy yo. Pita lè li pare pou dekoupe fòm, ede li vire papyè an epi ede li pare kote pou li dekoupe.



## **Ankouraje Devlopman Pitit Ou An**

**Eseye aktivite sa yo pou ankouraje pi plis kwasans ak devlopman pitit ou an.**

### **Lè li fè yon son enteresan**

Souri epi konplimante pitit ou an, ankouraje li repete sa. Repete son an oswa jwe yon jwèt kote nou toulède chanje wòl nan fè son epi imite son tankou bat bravo, frape boum epi plouf.

### **Lè li fè jès pou yon bagay**

Di non bagay la epi anvan ou di li non bagay la, tann li eseye epi imite sa li fèk tande an.

### **Lè li kòmanse enterese nan yon aktivite spesyal, yon kote oswa yon bagay**

Di li mo yo ak istwa ki gen rapò ak aktivite an oswa kote an ki pral ogmante langaj li. Pa egzanp, si li renmen gade ou kwit ti bonbon nan fou, lè ou ap pare pat pou ti bonbon an, ou kapab di “Toudabò nou vide lèt. Epi nou brase.” Oswa si li renmen zou (kilès ki pa renmen sa?), mennen li nan zou epi diskite eksperyans lan: zannimo yo, peyizay la ak odè yo.

### **Lè li kòmanse move oswa akaryat**

Eseye “entèprete” komunikasyon silans li, epi ekspri sa ba li ak mo. Pa egzanp, ou kapab di: “Jak bezwen fè yon ti kabicha” oswa “Jak vle bwè ji.”

### **Li li reyaji a yon bri**

Koute avèk li epi pale de son an.

### **Lè li site non bagay epi itilize mo aksyon tankou “ale epi rete”**

Itilize fraz ki gen de oswa twa mo ansanm ak nouvo mo yo. Pa egzanp, ou kapab di: “Jàn renmen lèt” oswa “jwe balon ak Manmi”.

### **Lè li kapab di plizyè mo**

Kòmanse yon lis mo sou papye epi kole li nan yo kote vizib. Pandan li ap aprann nouvo mo, ajoute yo sou lis la epi fè tout fanmi ou itilize menm mo yo.

### **Lè li kòmanse itilize fraz ki gen twa mo oswa kat mo**

Ajoute mo deskripsyon nan fraz ou yo. Pa egzanp, “Tammy renmen lèt glase.” oswa “Chante chante an silans.”

### **Lè li kòmanse koute mizik**

Montre ou apwouve sa epi itilize mizik pou jwèt, chante, danse epi “bon moman.”

### **Lè li ap aprann tout yon chante oswa pati ladan li**

Kite li pratike chante an pou yon moun ki pral apresye koute li epi bat bravo pou li.

### **Lè li kòmanse gade televizyon**

Chwazi pwogram pou gade avèk li epi ankouraje nouvo mo ak nouvo lide.

### **Lè li vle ou li pou li**

Ankouraje li di mo li konnen pandan ou ap itilize imaj kòm gid, epi ogmante ofiamezi patisipasyon li nan pale.

### **Li imite sa li tande ak sa li wè**

Itilize maryonèt pou ankouraje li imite, li fè imajinasyon li travay epi li jwe wòl.

### **Li poze ou yon kesyon**

Itilize fraz kout epi byen klè. Lè ou reponn kesyon pitit ou yo, sa ankouraje li vini pi enterese aprann!

## Anndan Kay la: Modèl Aktivite pou Aprann pou Timoun Enfim

Timoun ak timoun piti ki enfim kapab aprann anpil annadan yon kay. Woutin toulèjou ofri bèl okazyon pou yo aprann nouvo teknik. Fè pitit ou an patisipe nan aktivite nan kay tankou pare manje, wete fatra, lave rad epi al nan mache. Modèl aktivite pou aprann sa yo montre kijan aktivite toulèjou kapab sèvi kòm kokenn okazyon pou yo aprann.

### Modèl Aktivite pou Aprann #1: STACEY AK MANMAN LI

Manman Stacey itilize aspiratè an pou ankouraje Stacey kominike avèk li.

**Deskripsyon:** Stacey prèske gen de zan epi je li byen kale, li gen kedcheval k'ap souke. Li genyen de ti aparèy pou li tande epitou li soufri paralizi nan sèvo. Li poko ka mache, men li chita byen nan yon chèz wo ki adapte pou li.

Doktè Stacey yo te dekouvri gwo pwoblèm mouvman li nan premye mwa apre li te fèt men yo pa te detekte li te soud anvan paran li yo te dekouvri sa. Apre yon ekspè odyolojis te fin teste li, yo te ajiste ti aparèy pou li tande nan zòrèy li ak tout yon transmetè son ki pisan li pote sou lestomak li. Odyolojis Stacey an kwè li bezwen aprann pou li prete atansyon a gwo bri epi konprann kisa ki fè son yo. Aprann koute — yo rele sa antrenman pou tande— rive nan menm tan Stacey ap aprann jès senp ak langay siy.

**Aktivite:** Stacey ak manman li ap jwe “jwèt koute an” pandan li ap pase aspiratè nan sal pyès fanmi an. Règ jwèt la senp. Manman an vle pou Stacey reponn yon jan chak fwa li tande aspiratè an derape epi yon lòt jan lè li tande aspiratè an etenn.

Stacey va chwazi pwòp siyal pa li pou di “wi” ak “non”. Paran Stacey yo te remake lè li vle yo soulve li oswa lè li vle plis nan manje li pi pito yo, li abitye “redi tire” tèt li. Paran li yo pwofite itilize mouvman sila a pou montre Stacey kijan li ta ka siyale “non” avèk manton bese li. Li te pratike mouvman “non” li yo sou zepina ak bètrav. Jès Stacey yo se te kòmansman yon sistèm kominikasyon toutbon ant Stacey ak fanmi li.


Manman li kòmanse jwèt koute an pandan li ap ede Stacey “limen” aspiratè an epi ede li santi kawotchou ap vibre epi rale bagay. Li sèvi ak kèk Cheerios pou li montre Stacey kijan aspiratè an mache. Li fè siy epi li di “sa fini” pandan Cheerios yo ap disparèt annadan aspiratè an.



## Anndan Kay la: Modèl Aktivite pou Anseye timoun Enfim

Poutèt Stacey chita bòkote aspiratè an epi li ap prete atansyon depre, manman li byen sèten li ap tande son an. Pou tcheke sa, li etenn aspiratè an lè Stacey pa ap gade. Li tcheke figi Stacey pou yon reyaksyon, fè jès “non” epi lonje dwèt sou machin lan epi fè siy “sa fini.”

Ansanm yo limen aspiratè an epi manman Stacey fè jès “wi” pandan l’ap lonje dwèt sou machin ki ap fè bri an. Yo pratike limen epi etenn li ansanm jiskaske Stacey fè jès “wi” ak “non” pou kont pa li. Lè Stacey fini konnen konsiy yo, manman li koumanse pase aspiratè an sou tapi yo, men li rete souvan pou limen oswa etenn machin lan, pou tcheke siyal Stacey epi bat bravo poutèt li te byen koute.



Manman Stacey pouse aspiratè an pi lwen li sou tapi an, sa ki vin pouse Stacey koute pi plis (*epi alafen netwaye tapi an*). Poutèt laj Stacey ak kapasite atansyon li, yo pase sèlman kèk minit ap jwe jwèt sa a chak jou. Men Stacey te aprann règ jwèt koute an, sa ki te louvri anpil opòtinite pou li fè pratik epi aprann annndan kay lan.

Lòt aparèy kay ki fè bri pou moun konsidere itilize nan “jwèt koute” an se:

- machin lave vesèl
- blennè
- miksè
- sechwa cheve
- razwa elektrik
- machin alave
- sechwa rad
- televizyon
- radyo

Andeyò kay la, timoun kapab koute son ki soti nan lòt bagay tankou:

- klaksòn machin
- motè motosiklèt
- kamyon ponpye
- machin pou koupe gazon

**Manman  
Stacey itilize  
aspiratè an  
pou ankouraje  
Stacey  
kominike.**

## Anndan Kay lan: Modèl Aktivite pou Anseye Timoun Enfim

### Modèl Aktivite pou Anseyman #2: MAKIS AK GRANPÈ LI

**Deskripsyon:** Makis se yon ti gason twa zan ki retade mantal. Li kapab konprann anpil mo epi li gen yon vokabilè apeprè 40 mo (li pale kèk mo pi ak lè pase lòt). Menmsi mis li yo pa fin fèm, li kapab mache.

Makis se yon ti gason byen agreyab epi byen adorab ki renmen jwe jwèt “pou aprann” avèk fanmi li. Fanmi li enterese anpil nan pwogrès Makis epi yo ap obsève depre jan nouvo kapasite li ap devlope. Manman li kole yon lis mo sou frijidè an Makis kapab li. Li ajoute mo sou lis lan pandan li ap aprann epi itilize nouvo mo. Makis pwòch granpè li anpil.

**Aktivite:** Lè granpè li vini wè li, limenm ak Makis amize yo byen, epi pase pifò vizit lan ansanm. Lè yo ale nan episri, granpè li kwè se yon bon moman pou ede Makis devlope vokabilè li. Lè granpè li ap pran bagay sou etajè, li mande Makis pou li nonmen non yo.

Granpè li toujou kòmanse ak pwodui tankou lèt ak ji paske Makis kapab deja di mo sa yo. Lè li di non pwodui yo byen, granpè li souri epi bat bravo pou li di “ou byen pale, Makis.” Etandone Makis renmen ankourajman lòt moun, li motive plis pou li fè granpè li souri, bat bravo epi kwoke li.

Lè granpè li vle entwodi yon nouvo mo, li di Makis non bagay la epi mande li pou li repete sa. Pa egzanp, lè granpè li ap montre li non pou fig, li di: “Sa se yon fig. Kounyea, kisa sa ye, Makis?” Nenpòt ki jefò pou di “fig” granpè li va aksepte epi konplimante sa.

Granpè li fè atansyon anpil pou li montre li yon sèl nouvo alafwa epi pou li pratike ak Makis nan lòt moman, tankou lè soupe, konsa, mo sa yo va vini rante nan vokabilè mo Makis pale. Lè Makis “byen konnen” oswa kapab di mo an, li ajoute li sou lis sou pòt frijidè an. Makis gen kè kontan lè li wè lis li an ap vin pi long.

**Granpè  
Mennen Makis  
Nan episri  
Pou ede  
estimile  
Vokabilè li.**



**DEPATMAN EDIKASYON LETA MARYLAND**  
Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèvansyon Bonè  
Biwo Sèvis Entèvansyon Bonè Ka Timoun ak Edikasyon

James H. DeGraffenreidt, Jr.  
Prezidan, Komite Edikasyon Leta Maryland

Nancy S. Grasmick  
Direktè Lekòl Leta

Carol Ann Heath  
Direktè Adjwen Lekòl Leta  
Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèvansyon Bonè

Martin O'Malley  
Gouvènè

Depatman Edikasyon Leta Maryland pa fè diskriminasyon poutèt ras moun, koulè moun, sèks yo, laj yo, peyi kote yo soti, relijyon yo oswa enfimite yo, oswa oryantasyon seksyèl yo nan koze ki afekte travay yo oswa nan bay yo aksè a pwogram. Pou kesyon sou règleman nan depatman an, tanpri kontakte Equity Assurance and Compliance Branch, Office of the Deputy State Superintendent for Administration, Maryland State Department of Education, 200 West Baltimore Street, 6th Floor, Baltimore, Maryland 21201-2595 nan nimewo telefòn 410-767-0246, Faks 410-333-2226, oswa 410-333-6442 TDD, Sit Entènèt [www.marylandpublicschools.org](http://www.marylandpublicschools.org).

Depatman Edikasyon Ameriken, Biwo Edikasyon Spesyal ak Sèvis Reyabilitasyon, IDEA, te devlope epi pwodi dokiman sa-a avèk Pati B don lajan #H027A020035. Annakò avèk Lwa sou Ameriken ki Enfim (ADA) dokiman sa-a kapab disponib nan lòt fòm si ou mande sa. Tanpri kontakte Depatman Edikasyon Leta Maryland nan nimewo 410-767-0858, Faks 410-333-1571. Kontakte Depatman Edikasyon Leta Maryland, Divizyon Edikasyon Spesyal ak Sèvis Entèvansyon Bonè, Early Childhood Intervention and Education Br410-767-0261 Voice; 410-333-8165 Fax.

